Научная статья
УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-75-81

# АДЫГЭБЗЭМ И ТЕШЭ КАТЕГОРЭМ НЭГУМЭ Ш., ТУРЧАНИНОВ Г., ЦIАГЪУЭ М. СЫМЭ Я ГРАММАТИКЭХЭМ ЩАУБЫД УВЫПIЭР

***Хэжь Залинэ Рашад ипхъу***

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым и филиал, Налшык, Урысей, zalinathamadokova9@gmail.com, https://orcid.org/0000-0001-6384-4647

© Хэжь З.Р., 2022

***Аннотацэ***. Статьяр адыгэбзэхэм тешэ категорэр зэрыщызэфIэувам, абы къежьапIэ хуэхъуам теухуауэ еплъыкIэ зэхуэмыдэ щыIэхэм теухуащ. Тешэм ехьэлIауэ, апхуэдэ лIэужьыгъуэу бзэм хэтыр зыхуэдизым, ахэр морфологие и лъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъу Iэмалхэм, езы тешэм и кIуэцIкIэ зэтехуэныгъэу, языныкъуэхэми – зэщхьэщыкIыныгъэу щыIэхэм, тешэм псалъэухам щигъэзащIэ къалэнхэм, усэхуэщI къыигъэлъагъуэм егъэщIылIауэ бзэщIэныгъэлIхэм егъэлеяуэ еплъыкIэ зэхуэмыдэ куэд къагъэлъэгъуащ. ДауикI, дызэригугъэмкIэ, ар къэзышэр тешэм адрей категориальнэ системэхэм хуэмыдэу, псалъэзыхъуэж системэ убгъуа зэриIэрщ. Лэжьыгъэм и инагъын хуейм кызэрытхуидэкIэ къыщызэщIэткъуащ бзэщIэныгъэлIхэм лъэхъэнэ зэтемыхуэхэм тешэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр. Къэхутэныгъэм къегъэлъагъуэ тешэр зищIысыр зэхэгъэкIыным, ар зы мардэм иту убзыхуа хъуным, адрей категорэхэм, псом япэу зэман категорэм, къыхэгъэбелджылыкIауэ, езым и гъунапкъэ иIэжу зэтеува хъуным тешэм и тхыдэр джыным къызэрымыкIуэу мыхьэнэшхуэ зэриIэр.
Статьям филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Б.Ч. адыгэбзэр и лъабжьэу зэхилъхьа бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэр къыщыдгъэсэбэпащ.
***Зэрыгъуазэ псальэхэр:*** къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, тешэ, усэхуэщI, морфологие, зэман категорэ, лэжьыгъэцIэ, лъабжьэужь
***Цитатэ къызэрыхэпхынур***: Хэжь З.Р. Адыгэбзэм и тешэ категорэм Нэгумэ Ш., Турчанинов Г., ЦIагъуэ М. сымэ я грамматикэхэм щаубыд увыпIэр // Вестник КБИГИ. 2022. № 4-2 (55). С. 75–81. DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-75-81

Original article

# THE PLACE OF THE MOOD CATEGORY OF THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE IN THE GRAMMARS OF SH. NOGMOV, G. TURCHANINOV AND M. TSAGOV

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientifc Center of the Russian Academy of Sciences», Kabardino-Balkarian Republic, Nalchik, Russia, zalinathamadokova9@gmail.com, https://orcid.org/0000-0001-6384-4647

© Z.R. Khezheva, 2022

***Annotation***. The article is devoted to the history of studying the category of mood in the Adyghe languages. Solving the issue of this categorical system is associated with

great difficulties, which is explained by the insufficient development and lack of a clear definition of individual forms of inclination and time, as well as the syncretic nature of the forms of inclination themselves. In grammatical essays and scientific discussions on this topic, one can see that different linguistic schools and individual researchers have formed a whole range of opinions about the category of mood, morphological methods of formation, differentiation of some moods with a similar modality and its place among other grammatical categories. There are especially many different interpretations on the issue of selection criteria and the number of mood forms themselves.

Obviously, for the formation of a holistic picture of the category of inclination as a whole, the most important condition is the history of study, since such an approach makes it possible to trace the process of its formation and development in Adyghe studies. The article analyzes the concepts of the mood category of such famous scientists of the 20th century as Sh.B. Nogmov, G. Turchaninov and M. Tsagov.

***Keywords:*** Kabardino-Circassian language, mood category, morphology, modality, tense category, verb, suffix

***For citation***: Khezheva Z.R. The place of the mood category of the Kabardino-Circassian Language in the Grammars of Sh. Nogmov, G. Turchaninov and M. Tsagov. Vestnik KBIGI = KBIHR Bulletin. 2022; 4-2 (55): 75–81. (In Russ.). DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-75-81

Научная статья

# МЕСТО КАТЕГОРИИ НАКЛОНЕНИЯ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЯЗЫКА В ГРАММАТИКАХ Ш. НОГМОВА, Г. ТУРЧАНИНОВА И М. ЦАГОВА

***Хежева Залина Рашадовна***

Институт гуманитарных исследований − филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения Федеральный научный центр "Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук" Нальчик, Россия, zalinathamadokova9@gmail.com, https://orcid.org/0000-0001-6384-4647

© З.Р. Хежева, 2022

***Аннотация***. Статья посвящена истории изучения категории наклонения в адыгских языках. Решение вопроса о данной категориальной системе связано с большими трудностями, что объясняется недостаточной разработанностью и отсутствием четкого определения отдельных форм наклонения и времени, а также синкретическим характером самих форм наклонения. В грамматических исследованиях и материалах научных дискуссий по данной теме можно увидеть, что разные лингвистические школы и отдельные исследователи сформировали целый спектр мнений о категории наклонения, морфологических способов образования, дифференциации некоторых наклонений со схожей модальностью и ее месте в кругу других грамматических категорий. Особенно много разных интерпретаций по вопросу о критериях выделения и о количестве самих форм наклонения.

Очевидно, что для формирования целостной картины категории наклонения в целом важнейшим условием является история изучения, поскольку подобный подход дает возможность проследить процесс ее становления и развития в адыговедении. В статье проанализированы концепции категории наклонения таких известных ученых-адыговедов, как Ш.Б. Ногмов, Г. Турчанинов и М. Цагов.

***Ключевые слова:*** кабардино-черкесский язык, категория наклонения, морфологие, модальность, категория времени, глагол, суффикс

***Для цитирования:*** Хежева З.Р. Место категории наклонения кабардино-черкесского языка в грамматиках Ш. Ногмова, Г. Турчанинова И М. Цагова // Вестник КБИГИ. 2022. № 4-2 (55). С. 75–81. DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-75-81

Адыгэбзэ тешэр морфологием и нэхъ убзыхуа мыхъуа, нэхъ Iуэхугъуэ зэIумыбз, нэхъ зэдауэ къызыхэкI категорэу къалъытэ. Абы щыхьэт тохъуэ мы грамматикэ

категорэр зы пкъынэ иту гъэбелджылауэ, гъэнэхуауэ, тешэр псори къызэщIиубыдэу бзэщIэныгъэм лэжьыгъэ щхьэхуэ зэрыщымыIэр, уеблэмэ еплъыкIитI зэтехуэу зэрыхэмыты. Адыгэбзэм зи гуащIэ езыхьэлIа бзэщIэныгъэлIхэм, къинэмыщIауэ хамэ къэрал бзэIухуэщIэ куэдми тешэм теухуауэ еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр къагъэлъэгъуащ, абы и репрезентатив къалэнхэри, тешэм грамматикэ категорэхэм я парадигмэм щиубыд увыпIэми тетхыхьахэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, тешэр убзыхунымкIэ нэхъыбэу тегъэщIапIэ хъуар жьабзэм и къалэныр къигъэлъагъуэнырщ, щIэныгъэ лэжьыгъэ псоми уриплъэжмэ, наIуэ къохъу уасэхуэщIым (уасэхуэщI лэжьыгъэцIэхэм) псалъэр къызыбгъэдэкIым Iуэху зытепсэлъыхьым и еплъыкIэр, абы зэрыхущытыр, и зэхэщIэ, и гурыщIэр къызэригъэлъагъуэр. Къапщтэмэ, зэрыупщIэ псалъэухами зэраIуатэ псалъэухами къагъэлъэгъуэнур зы мурад пыухыкIауэ щытми, контекстхэм уасэхуэщI и лъэныкъуэкIэ Iэмал имыIэу зэщхьэщыкIынытъэ яIэнущ.

Зэдай бзэщIэныгъэм тешэр лэжьыгъэцIэм и грамматикэ категорэу ебж, икIи шэч лъэпкъ абы къытрахьэркъым. Апхуэдэ дыдэущ европей бзэщIэныгъэлIхэми, нэгъуэщI бзэ щхьэхуэхэм елэжьахэми тешэм и мыхьэнэр зэраубзыхур. Пэжуи, бзэ куэд дыдэм тешэм псалъэм и гъэпсыкIэр, мыхьэнэр къыщигъэлъагъуэу, абы и Iуэхугъуэр е щытыкIэр щигъэбелджылыуэ къалъытэ. А бзэхэм тешэр адрей грамматикэ классхэм хуэхейщ.

Тешэ категорэр адыгэ бзэщIэныгъэм щызэфIэувэныр, щыджыныр, зэрыжытIащи, нэхъ проблемэ гугъу дыдэхэм щыщщ, сыту жыпIэмэ тешэм и гъэпсыкIэ щхьэхуэхэр гъэбелджылакъым, уеблэмэ езыр лIэужьыгъуэкIэ зэрыхъу бжыгъэм, ахэр къыхэгъэщхьэхукIыным бгъэдыхьэкIэу иIэхэм зэдауэ къашэм, зэманымрэ тешэмрэ IупщIу зэхэгъэщхьэхукIауэ зэрыщымытым Iуэхур нэхъри нэхъ гугъуж ещI.

Адыгэбзэ грамматикэхэмрэ адыгэбзэм егъэщIылIа нэгъуэщI лэжьыгъэхэм уариплъэжмэ, тешэмрэ зэман категорэмрэ щхьэхуэ-щхьэхуэу я гъунапкъэхэр убзыхуныр нэхъ къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр къыбгуроIуэ. КъинэмыщIауэ, тешэр нэгъэсауэ джыным, абы и къэухьыр убзыхуным зэран хуохъу адыгэбзэм мыхъей, хъей лэжьыгъэцIэхэмрэ, уха гъэпсыкIэрэ гъэпсыкIэ мыухарэ зиIэ лэжьыгъэцIэхэр зэрыхэтым. Шэчыншэу, зэман категорэми, тешэми, уасэхуэщI лэжьыгъэцIэхэми тегъэпсыхьауэ лэжьыгъэ мымащIэ дунейм къытехьащ, ауэ тешэр щхьэхуэу къыхэгъэкIыным, абы и нэщэнэхэр гъэнахуэным, и гъунапкъэхэр гъэбелджылыным дяпэкIи гулъытэ щхьэхуэ хуэщIын хуеуйуэ къыдолъытэ.

Теорие-методикэ тегъэщIапIэ и лъэныкъуэкIэ тешэр джыным лъабжьэ хуэхъуащ Кавказ, европей, урыс бзэщIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа бзэщIэныгъэлI пашэ зи цIэ къитIэнухэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр: Мещанинов И.И., Виноградов В.В., Бондарко В.А., Нэгумэ Ш.Б., Рогавэ Г.В., КIэрашэ З.И., Турчанинов Г., ЦIагъуэ М., Мамрэш К.Т., Багъ П.М., ЗекIуэхъу У.С, Къумахуэ М.I., Чкадуа Л.П. нэгъуэщIхэри.

Адыгэбзэхэм я морфологиер къапщтэмэ, псалъэм папщIэ, кIахэбзэм, зэман категорэмрэ тешэмрэ зэгуэх ямыIэу зэпхауэ къыхагъэщхьэхукI, зы нэщэнэгъэлъагъуэ яIэу ябж (Рогавэ Г.В., КIэрашэ З.И.). НэгъуэщIыбзэхэми апхуэдэ щытыкIэм ущрохьэлIэ, къапщтэмэ, тюрколог цIэрыIуэ Баскаков Н.А. и лэжьыгъэхэм тешэмрэ зэман категорэмрэ зэхэту щедж икIи зы фIэщыгъэцIэ ярет. Морфологием теухуа Iыхьэхэм Баскаковым зэман категорэри тешэри къыщигъэлъэгъуакъым, абы ахэр «теплъэм» (вид) и лIэужьыгъуэу къелъытэ [Баскаков 1969: 94]. Псалъэм папщIэ, унафэ тешэр нэгъуеибзэм (барайым «кIуэт» жыхуиIэр) унафэ теплъэу, гукъэкIынытъэ теплъэу елъытэ.

Адыгэбзэм тешэмрэ зэман категорэмрэ зэгуэхыпIэ ямыIэу зэрыщызэпхам, уеблэмэ ахэр зэрызэхэшыпсыхьам и лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхьащ Къумахуэ М.I. Апхуэдэу щытми, бзэщIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэм зи гугъу тщIы категорэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу, зи щхьэ хущыт разделхэм къыщигъэлъэгъуащ.

Иужьрей зэманым къриубыдэу адыгэбзэ тешэм теухуа лэжьыгъэ щхьэхуэ къыдэкIакъым, Iутыж Б.Къу.  и щIэныгъэ лэжьыгъэ «Унафэ тешэм и унафэ-хуэдэныгъэ гъэпсыкIэхэр» [Утижев 1972] жыхуиIэм къинэмыщI. ДауикI, адыгэбзэ грамматикэхэми грамматикэ къэхутэныгъэ кIэщIхэми тешэм теухуа Iыхьэхэм уащрохьэлIэ икIи абыхэм я мыхьэнэр къэIуэтэгъуейщ. КIахэбзэр къапщтэмэ, тешэм тегъэпсыхьауэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу нэхъыбэ урохьэлIэ. Къапщтэмэ, тешэр лъэныкъуэ куэдкIэ щызэпкърыха хъуащ Щауэ Ж.А. и «Категорэ тешэр кIахэбзэм» [Шаов 1965].

Мы лэжьыгъэм и мурад  нэхъыщхьэу къэтлъытэр тешэм и гъунапкъэр гъэбелджлыныр щ, гъэнахуэнырщ, сыт и лъэныкъуэкIи зэпкърыхыныгъэ иIэу зы жыпхъэ игъэувэнырщ, тешэм и кIуэцIкIэ категорэ щхьэхуэхэр щхьэхуэу къыхэгъэкIынырщ икIи синхроннэу лэжьыгъэцIэ парадигматикэм хуэгъэкIуэнырщ, абыхэм я дэтхэнэ зыри и къэхъукIэ, жьабзэм къызэрылъагъуэ нэщэнэхэр уасэхуэщI и лъэныкъуэкIэ къэпщытауэ кууэ джынырщ.

Тешэ категорэр и зэхэлъыкIэкIэ, и ухуэкIэкIэ, и къэхъукIэкIэ къызэрымыкIуэу гугъущ, абы и джыным, зэпкърыхыным упщIэу къигъэув псор апхуэдизкIэ куэдщ, зэмыщхьщи, зы мардэм ибгъэувэныр Iуэху хьэлъэщ.  БзэщIэныгъэм елэжь щIэныгъэлI дэтхэнэми тешэм ехьэлIауэ езым зэдауэ куэд къэзышэ езым я еплъыкIэ къагъэлъагъуэ. Тешэр джыным, зэпкърыхыным, абы я бжыгъэр зыхуэдизыр, я къэхъукIэр, зэхъуэкIа зэрыхъур гъэбелджылыным лэжьыгъэшхуэ езыхьэлIа Къумахуэ Мухьэдин къызэрилъытэмкIэ, адыгэбзэхэм заужьурэ тешэ щхьэхуэхэр щIэуэ къэунэхуащ, языныкъуэхэри щымыIэж хъуащ. Тешэм теухуа щIэныгъэр зэфIэувэным япэ дыдэу хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм ящыщщ Нэгумэ Шорэ. ЩIэныгъэлIым и Iэрытххэм уриплъэмэ, гу лъомытэнкIэ Iэмал зимыIэщ урыс грамматикэм и нэщэнэ куэд абы зэрыхэтым, ар куэдкIэ тегъэщIапIэ зэрыхъуам, къинэмыщIауэ, тхыгъэр къызыбгъэдэкIыр хьэрып еджапIэ зэрыщеджари и лэжьыгъэм къыуегъащIэ. Дауэ щымытми, тешэм ехьэлIауэ Нэгумэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр абы и зэманым елъытауэ уасэ зимыIэщ.

Нэгумэм къызэрилъытэмкIэ, лэжьыгъэцIэм  предметым, хьэпшыпым и щытыкIэр, Iуэхугъуэр къегъэлъагъуэ (псалъэм папщIэ, соджэр, соджэ) икIи абы и категориеу тху къыхегъэкI: тешэ, бжыгъэ, щхьэ, зэман, лэжьыгъэцIэм и зыхъуэжыныгъэ щхьэхъуэж категорэ. 1843 гъэхэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, щIэныгъэлIым тешэу щы къудейщ къыхигъэкIыр: зэраIуатэ, унафэ тешэ, фIэфIыныгъэ тешэ, ауэ лэжьыгъэцIэм и зыхъуэжыныгъэ щхьэхъуэжым ипкъ иткIи мыгъэнэхуа теши къыхегъэщхьэхукI. Нэгумэм и тхыгъэхэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зыджа Турчанинов Г.Ф. къызэрилъытэмкIэ, тхыгъэхэм елъыта гъэпсыкIэ зиIэ псалъэухахэми ущрохьэлIэ. Псори зэхэплъхьэжмэ, Нэгумэм тешэу хы къыхегъэкI. Мыгъэнэхуа тешэр нэгъэсауэ зэпкърыха зэрымыхъуам щыхьэт тохъуэ мыбы и кIэуххэр щапхъэ къихьхэм зэрытемыхуэр. Псалъэм папщIэ, нэхъыбэм къигъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэхэм кIэухыу яIэщ ***–игоh (-нуэ)*** е ***–иго(-нуэ)***: *лагунгох* (лъагъун); *шытхунго* (щытхъун), *даапукун* (дэIэпыкъун).

Авторым зэрилъытэмкIэ, унафэ тешэм хуэмыдэныгъэ, залымыгъэкIэ, щхьэхуимыту зыгуэр егъэщIэн мыхьэнэ иIэщ: *бзаге умылаж* (бзаджэ умылэжь). ЗэраIуатэ тешэр зыгуэрым  тепсэлъыхьыным, зыгуэр Iуэтэным *зэманме кейгасер* (зэманым къегъэсыр). Лэжьыгъэм зэрыхэтымкIэ, зэраIуатэ тешэм и ит зэманыр IуэхуцIэм и ит зэманым щхьэ цIэпапщIэм и кIэуххэр, языныкъуэхэми куэд бжыгъэм пычыгъуэ (слог) ***–хе, е –хер (-хэр)*** пыувэкIэрэ къохъу:

Закъуэ бжыгъэ, япэ щхьэ: ***сыдоапукур*** (сыдоIэпкъур);

Куэд бжыгъэ, япэ щхьэ: ***дыдоапукхер*** (дыдоIэпыкъухэр).

БлэкIа  зэфIэкIа зэманым ит зэраIуатэ тешэр унафэ тешэм кIэух ***–ащ (-ащ)*** пыувэкIэрэ къэхъуу ебж: ***сыдаапукауаш*** (сыдэIэпыкъуащ); блэкIа зэфIэмыкIар кIэух ***–ош (-эщ)*** поувэ:

Закъуэ бжыгъэ: ***сыдаапукуош*** (сыдэIэпыкъуащ)

Куэд бжыгъэ: ***дыдаапукохеш*** (дыдэIэпыкъуахэщ).

Елъыта гъэпсыкIэ зиIэ псалъэухахэм, Нэгумэм къызэрилъытэмкIэ, зытещIыхьа мыхьэнэ къагъэлъагъуэ: *мир зихесхатем* (мыр зэхэсхатэмэ). «Начальные правила кабардинской грамматики» (1943) лэжьыгъэм зэритымкIэ, Нэгумэм щапхъэу къехь лэжьыгъэцIэхэр елъыта гъэпсыкIэм и формант *–тэмэ (-тэм)*, адэкIэ *–мэ (-м)* япыту, арщхьэкIэ а формантхэм зэщхьэщыкIыныгъэ яIэм и гугъу ищIыркъым. Псалъэухам хэт елъыта гъэпсыкIэ зиIэ лэжьыгъэцIэхэр унафэ тешэм и ит зэманым кIэух *–ме* (*-мэ*) е *–тем (-тэмэ)* пыувэкIэрэ къохъу: *сыдаапукуме* (сыдэIэпыкъумэ); *сыдаапуктем* (сыдэIэпыкъутэмэ) [Нэгмов 1959: 169].

Ит зэман зиIэ елъыта гъэпсыкIэр (блэкIа, къэкIуэну зэманхэри) щызэпкърихкIэ, авторым гулъытэ зыхуищIыр ахэр къызэрыхъу къудейрщ, мыхьэнэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэ яIэр къигъэлъагъуэркъым. ЗэрытщIэщи, елъыта тешэ *–мэ*-кIэ къэхъум пэж дыдэу къэхъуа е къэхъуну Iуэхугъуэр зытещIыхьа мыхьэнэ иIэщ: *сыкIуэмэ*, *седжэмэ*; формант *–тэмэ* зыпыт гъэпсыкIэхэм къэмыхъуа, къэмыхъуну мыхьэнэ къагъэлъагъуэ.

Тешэр курууэ зэпкърыхауэ щымыт пэтми, Нэгумэм адрей и къэхутэныгъэхэми хуэдэу мыбыи пщIэшхуэ хуэфащэщ ар адыгэбзэм теухуа япэ щIэныгъэ лэжьыгъэу зэрыщыт къудеймкIэ

Адыгэбзэ лэжьыгъэцIэр джыным, абы и категорие псори къыхэгъэкIауэ бзэм и грамматикэ системэм игъэувэным щхьэпэ хуэхъуащ 1940 гъэм къыдэкIа Турчанинов Г.Ф., ЦIагъуэ М. сымэ я «Адыгэбзэ грамматикэм». Мы лэжьыгъэр, къапщтэмэ, фонетикэм, псалъэщIымрэ морфологиемрэ я грамматикэ системэм япэ дыдэу траухуахэм ящыщщ. Адыгэбзэм теухуа а гъэхэм ирихьэлIэу щыIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр зэбгъапщэмэ, зи гугъу тщIы «Грамматикэр», морфологием и зэхэлъыкIэр, ухуэкIэр зэпкърыха зэрыхъуам кууагъкIэ, пэжагъкIэ адрейхэм хэпщIыкIыу йофIэкI. ДауикI, ди жагъуэ зэрыхъущи, лэжьыгъэцIэм и грамматикэ къэхъугъэ псори, категорэ псори и кIэм нэсу зэпкърыхауэ, гъэнэIуауэ жыпIэ хъунукъым, ауэ, ухуэкIэкIэ, фIагъкIэ а зэманым щIэныгъэм къигъэуву щыта мардэм, шэч хэмылъу, хуокIуэ. Мыбдеж лэжьыгъэцIэр нэхъ зэпкъырыха щыхъуа псалъэ лъэпкъыгъуэхэм хохьэ, икIи абы и щхьэхъуэж, зэман, тешэ, жыджэрагъ, теплъэ категорэхэр къыхэгъэкIащ. ЩIэныгъэлIхэм тешэу 8-м я цIэ къраIуэ: зэраIуатэ, унафэ, зэрыупщIэ, хуэдэныгъэ, хуэгъэфащэ, фIэфIыныгъэ, елъыта, хэкIыпIэ, икIи а псоми хъуныгъэ гъэпсыкIи мыхъуныгъэ гъэпсыкIи иIэу къалъытэ. ЗэраIуатэ тешэр, адрейхэм елъытауэ, и къэхъукIэкIэ нэхъ къызэрыкIуэщ, къэхъуа е къэмыхъуа Iуэхугъуэ щхьэхуэ къегъэлъагъуэ, и мыхъуныгъэ гъэпсыкIэр лъабжьэужь *–къым* пыувэкIэрэ къохъу. Унафэ тешэм быдэу, щхьэмыгъазэу унафэ щIын мыхьэнэ къегъэлъагъуэ, лэжьыгъэцIэм и лъабжьэм къытохъукI, етIуанэ щхьэм и закъуэ бжыгъэмрэ куэд бжыгъэмрэщ гъэпсыкIэу иIэр. Унафэ тешэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпкърыха хъуащ, бжыгъэ, лъэIэсыгъэ/лъэмыIэсыгъэ, лэжьыгъэцIэм и субъект/объект щытыкIэхэри къапщытащ. ЩIэныгъэлIхэм зэралъытэмкIэ, лэжьыгъэцIэм и унафэ гъэпсыкIэм лъабжьэужь *–т* щыпыувэм деж лъэIуэныгъэ уасэхуэщI егъуэт: *еджэт*, *еплъыт*, *кIуэт*. ФIэфIыныгъэ тешэм нэмыщI, авторхэм хуэдэныгъэ уасэхуэщI зиIэ гъэпсыкIэхэри къыхагъэкI, хуэгъэдахэн, фIэфIыныгъэ плъыфэ нэхъыбэу иIэу, икIи морфологие нэщэнэу лъабжьэужь *–рей* иIэу ябж. Турчаниновымрэ ЦIагъуэмрэ зэратхымкIэ, мы тешэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу щытыр лэжьыгъэцIэу хъуам я ещанэ щхьэм и закъуэ бжыгъэм щхьэ лъабжьэпэ *–йы*, куэд бжыгъэм *–я (йа)* зэрыпыувэрщ: *йырекIуэ*, *ярейкIуэ*.

ФIэфIыныгъэ тешэри нэхъ къызэрыгуэкIхэм щыщу ялъытэ, и къэхъукIэкIи, морфологие и лъэныкъуэкIи зэдауэ къишэркъым, лэжьыгъэцIэм лъабжьэужь – *щэрэ/-щэрэт* пыувэкIэрэ къохъу.

ЗэрыупщIэ тешэм и кIуэцIкIэ лIэужьыгъуищ къыхагъэкI грамматикэ мыхьэнэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэ яIэу, къинэмыщIауэ, лъабжьэужь зэмыщхькIэ къэхъуу.

**ЗэрыупщIэ I** къыхэгъэщыныгъэ *–а*, *-у, -рэ* блэкIа, къэкIуэну, ит зэманым ит лэжьыгъэцIэхэм япыувэкIэрэ къохъу: *укIуа?*, *укIуэну?*, *укIуэрэ?*

**ЗэрыупщIэ II** (шэч къытехьэныгъэ мыхьэнэ иIэу) лъабжьэужь *–къэ* лэжьыгъэцIэм и пкъым пыувэкIэрэ къохъу. Языныкъуэхэм деж мы гъэпсыкIэм – *къэ*-м и пIэкIэ *–уэ,* псалъэкIапэ *–пIэрэ* поувэ: *дылэжьэну пIэрэ*? *дытхэну пIэрэ?*

**ЗэрыупщIэ III** (гъэщIэгъуэныгъэ мыхьэнэ), и морфологие нэщэнэр лъабжьэужь *–уи* зэман къэзэыгъэлъагъуэ Iыхьэм зэрыпыувэрщ: *кIуэнуи*? *еджэнуи*?

ЩIэныгъэлIхэм тешэм ехьэлIауэ системэ убгъуа, и зэхэлъыкIэкIэ убзыхуа зи1э лэжьыгъэ ди пащхьэ къралъхьащ, икIи мыхьэнэшхуэ абы зэриIэм шэч хэлъкъым.

Тешэр джыным, зэпкърыхыным, абы я бжыгъэр зыхуэдизыр, якъэхъукIэр, зэхъуэкIа зэрыхъур гъэбелджылыным лэжьыгъэшхуэ езыхьэлIа Къумахуэ Мухьэдин къызэрилъытэмкIэ, адыгэбзэхэм заужьурэ тешэ щхьэхуэхэр щIэуэ къэунэхуащ, языныкъуэхэри щымыIэж хъуащ. Къумахуэм и IэдакъэщIэкIхэм я кууагъкIэ, яIэ мыхьэнэм и инагъкIэ тхыгъэ щхьэхуэ, уеблэмэ тхылъ щхьэхуэ теухуапхъэщ.

__Гуэлъхьэ__:

**Аффикс** лъабжьэгъусэ
**Будущее время** къэкIуэну зэман
**Будущее первое** къэкIуэну гъэкIэщIа зэман
**Будущее второе** къэкIуэну щыз зэман
**Вид** теплъэ
**Время** зэман
**Вопросительное наклонение** зэрыупщIэ тешэ
**Глагол** лэжьыгъэцIэ
**Глагольное сказуемое** лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэн
**Единственное число** закъуэ бжыгъэ
**Желательное наклонение** фIэфIыныгъэ тешэ
**Изъявительное наклонение** зэраIуатэ тешэ
**Кабардино-черкесский язык** адыгэбзэ
**Категория** категорэ
**Категория переходности-непереходности** лъэIэсыгъэ-лъэмыIэсыгъэ
**Множественное число** куэд бжыгъэ
**Модальность** уасэхуэщI
**Наклонение** тешэ
**Наклонение вероятности** хуэгъэфащэ тешэ
**Настоящее время** ит зэман
**Повелительное наклонение** унафэ тешэ
**Позволительное наклонение** хуэдэныгъэ тешэ
**Предположительное наклонение** хуэгъэфэщэн тешэ
**Префикс** лъабжьэпэ
**Прошедшее время** блэкIа зэман
**Сослагательное наклонение** хэкIыпIэ тешэ
**Условное наклонение** елъыта тешэ

## ТегъэщIапIэхэр
## Список источников

Баскаков 1969 – *Баскаков В.А.* Введение в изучение тюркских языков. М.: Высшая школа, 1969. 383 с.

Кумахов 1971 – *Кумахов М.А.* Словоизменение адыгских языков. М.: Наука, 1971. 341 с.

Ногмов 1956 – *Ногмов Ш.Б.* Филологические труды. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1956. Т. I. 308 с.

Ногмов 1956 – *Ногмов Ш.Б.* Филологические труды. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1959. Т. II. 197 с.

Турчанинов, Цагов 1940 – *Турчанинов Г.Ф., Цагов М.* Грамматика кабардинского языка. М.: АН СССР, 1940. 160 с.

Утижев 1972 – *Утижев Б.К.* Позволительно-повелительные формы повелительного наклонения в кабардино-черкесском язык: автореф. дис. канд. филол. наук. Нальчик, 1972. 17 с.

Шаов 1965 – *Шаов Ж.А.* Категория наклонения в адыгейском языке // Адыгейская филология. Краснодар: Краснодарский Государственный педагогический институт, 1965. Вып. 1. С. 93–114.

## References

*BASKAKOV V.A. Vvedenie v izuchenie tyurkskikh jazykov* [Introduction to the study of Turkic languages]. M.:Vysshaja shkola, 1969. 383 s. (In Russian)

*KUMAKHOV M.A. Slovoizmenenie adygskikh jazykov* [Word change of the Adyghe languages]. M.: Nauka, 1971. 341 s. (In Russian)

*NOGMOV SH.B. Filologicheskie trudy* [Philological works]. Nal'chik: Kabardino-Balkarskoe knizhnoe izdatel'stvo, 1956. T. I. 308 s. (In Russian)

*NOGMOV SH.B.* Filologicheskie trudy [Philological works]. Nal'chik: Kabardino-Balkarskoe knizhnoe izdatel'stvo, 1959. T. II. 197 s. (In Russian)

*TURCHANINOV G.F., CAGOV M. Grammatika kabardinskogo yazyka* [Grammar of the Kabardian language]. M.: AN SSSR, 1940. 160 s. (In Russian)

UTIZHEV B.K. *Pozvolitel'no-povelitel'nye formy povelitel'nogo nakloneniya v kabardino-cherkesskom yazyk: avtoref. dis. kand. filol. nauk* [Permissive-imperative forms of the imperative mood in the Kabardian-Circassian language: abstract of the thesis of a candidate of philological sciences]. Nal'chik, 1972. 17 s. (In Russian)

*SHAOV ZH.A. Kategoriya nakloneniya v adygejskom yazyke* [Mood category in the Adyghe language]. IN: *Adygejskaya filologiya* Krasnodar: Krasnodarskij Gosudarstvennyj pedagogicheskij institut, 1965. Vyp.1. S. 93–114. (In Russian)

**Авторым теухуауэ**

**Хэжь З.Р**. – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь.

**Информация об авторе**

**З.Р. Хежева** – кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка.

**Information about the author**

**Z.R. Khezheva** – Candidate of Science (Philology), Senior Researcher of the Sector of the Kabardino-Circassian Language.

Статья поступила в редакцию 14.11.2022; одобрена после рецензирования 05.12.2022; принята к публикации 16.12.2022.

The article was submitted 14.11.2022; approved after reviewing 05.12.2022; accepted for publication 16.12.2022.